



Pou Piblikasyon Imedya: 09/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INISYATIV POU EDE MOUN K AP BAY SWEN K AP TRAVAY YO

Pwopozisyon sou sityasyon eta a ap bay 55 milyon dola pou ranfòse sektè pwodui letye New York la

Kreye yon gichè inik pou Devlopman Mendèv nan sektè agrikilti nan patenarya ak Cornell University, NYSDOL, NYS PERB, ak NYS AGM

Fè pwomosyon yon apwoch sante inik nan kad sistèm agwo-alimantè New York la

Ogmante lidèchip agrikòl jèn ak opòtinite edikasyon

Devlope biyo-ekonomi New York' la epi lanse transfòmasyon alimantè ble New York la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plizyè gwo pwopozisyon pou bay sektè pwodui letye ak agrikòl New York la yon boustè, pwogram devlopman mendèv ak lidèchip jèn ak opòtinite edikasyon nan kad diskou sou Sityasyon Eta a an 2024. Gouvènè a revele plan inisyativ transvèsal k ap ranfòse sektè a epi fè pwomosyon yon avni ki pi rezistan pou sektè agrikòl, alimantè ak forestye nou yo.

Endistri agrikòl "New York's la se yon pati kle nan ekonomi nou an, kominote nou yo ak fason nou viv," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Antanke premye Gouvènè ki soti nan rejyon nò Eta New York nan prèske yon syèk, mwen konnen nan ki pwèn sektè sa enpòtan. Mwen angaje pou sipòte kwasans agrikilti ak pwodiksyon alimantè epi m ap kontinye konsantre sou politik ak envestisman ki sipòte kiltivatè nou yo."

Ane pase, Gouvènè Hochul te mete anplas divès inisyativ pa sèlman pou sekirize endistri agrikòl nou an men pou ede devlope li tou epi pwospere pandan n ap pwoteje sistèm alimantè lokal nou an. Diskou sou Sityasyon Eta a an 2024 la prezante yon plan pou endistri a vin pi solid, pi rezilyan, epi pwoaktif kont menas alavni k ap pwopaje nan endistri sante, anviwònman, ak edikasyon.

Komisè Agrikilti Eta New York la, Richard A. Ball, te deklare, "Li esansyèl pou nou sipòte kiltivatè nou yo ak kominote agrikòl nou an pou konstri yon avni ki pi solid, pi

rezilyan pou Eta New York. Pandan n ap avanse nan nouvell ane a, nou te vreman double travay nou pou konble eka nan sistèm alimantè nou an, pwoteje resous natirèl nou depann de yo, epi devlope yon jenerasyon lidè alavni. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li fè travay sa a vanse, epi pwopoze inisyativ odasye k ap gen yon enpak reyèl, poze baz pou kite New York nan pi bon kondisyon pase jan nou te jwenn li".

Ranfòse endistri pwodui letye New York la

Nan kad diskou sou Sitiyasyon Eta a an 2024 la, Gouvènè Hochul te pwopoze 34 milyon dola finansman kapital sou de zan pou teknoloji estokaj lèt likid nan fèm ak enfrastrikti tretman pou diminye risk pwoblèm transpò pandan peryòd move tan entans sezon ivè a ak fèm ti wout yo, k ap amelyore efikasite chèn apwovizyonman pwodui letye a epi evite ekoulman lèt kri ki lye ak evènman ijans yo.

Eta a angaje tou pou asiste kiltivatè li yo pou diminye risk enpak chanjman klimatik la epi diminye enpak kabòn yo, ki se yon eleman enpòtan pou jesyon nitriman ak objektif kalite dlo yo alafwa. Gouvènè Hochul ap angaje 21 milyon dola nan yon Pwogram Lòt Opsyon Jesyon Dechè ak Alimantasyon Presizyon Amelyore k ap favorize diminisyon risk emisyon gaz efè sèr agrikòl, bay opòtinite pou sekestre kabòn, epi ogmante asistans pou reponn ak demann ki pa satisfè kiltivatè yo.

Gouvènè Hochul ap mande investisman kle tou nan Koalisyon Distri Konsèvasyon Sòl ak Dlo Lès Finger Lakes (Eastern Finger Lakes Coalition of Soil and Water Conservation Districts) yo pou bati kapasite pwofesyonèl epi akselere pwojè agrikòl epi ki lye ak rezistans nan tout kalite fèm. Sa ap enkli tou sipò pou kiltivatè yo pou investi nan plis rekòt, amelyore ponso yo pou diminye ekoulman, ak lòt investisman pou amelyore sante tè a epi diminye pwoblèm kalite dlo nan rejyon an.

Gichè inik pou mendèv agrikòl nou an

Pandan anplwaye agrikòl ak anplwaye yo ap navige nan yon peyizaj laboral k ap chanje, Diskou Gouvènè Hochul sou Sitiyasyon Eta a an 2024 la pwopoze yon seri zouti konplè, ki enkli orè biwo pou pran kesyon, semine sou entènèt pou echanj enfòmasyon, yon paj wèb pou aksepte kesyon epi prezante enfòmasyon, Kesyon yo poze souvan (Frequently Asked Questions, FAQs), liy enfòmasyon, ak resous siplemantè epi k ap jere pa Pwogram Devlopman Mendèv Agrikòl Cornell University a. Efò sa ap soutni pa Depatman Travay (Department of Labor) Eta New York, Konsèy Relasyon Anplwaye Piblik Eta New York (New York State Public Employee Relations Board), ak Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York (New York State Department of Agriculture and Markets).

Fè pwomosyon yon apwoch sante inik

Yon apwoch Sante Inik kolaboratif ka diminye menas pou entèfas anviwònman moun-zannimo a atravè aktivite tankou deteksyon ak prevansyon maladi, edikasyon sou sekirite alimantè, ak optimizasyon swen veterinè. Pou asire New York rete nan aktif nan kontwòl menas ant sektè sou sante bèt yo, Gouvènè Hochul ap entwodui yon pake pwojè ak pwogram divèsifye, ki genyen ladan yo yon pwogram mendèv veterinè kolaboratif ant Kolèj Medsin Veterinè Cornell University ak kanpis SUNY yo; angajman

ki ogmante ak Konsèy Konsiltatif Laboratwa Dyagnostik Veterinè Eta New York la (New York State Veterinary Diagnostic Laboratory Advisory Board); lansman yon Pwogram Edikasyon sou Detounman Xylazine Veterinè pou anpeche xylazine nan redirine nan itilizasyon veterinè ki lejitim yo; yon ogmantasyon 1 milyon dola ki apwopriye pou sipòte bidjè operasyonèl Sant pou Medsin Agrikòl ak Sante (Center for Agricultural Medicine and Health) New York la; ajisteman pou ranbousman ak estrikti depans pou pwogram tès sante sou zannimo nan fèm ki egziste yo ak kreyasyon yon nouvo pwogram tès sante zannimo; etablisman yon pwogram fòmasyon sou sètifikasyon nan sekirite alimantè Group GAP; ak devlopman yon zouti aksè nan teren pou jaden kominotè.

Ogmante lidèchip agrikòl jèn ak opòtinite edikasyon

Pou apiye inisyativ mendèv agrikòl nan Diskou sou Sitiyasyon Eta a an 2023 Gouvènè Hochul la – nan patenarya ak Pwogram Edikasyon ak Sansibilizasyon, Kolèj Agrikilti ak Syans Lavi Cornell University College a – ap mete sou pye premye konferans sou lidèchip agrikòl jèn New York pou sipòte plis kolaborasyon ant òganizasyon agrikòl jèn yo epi idantifye opòtinite pwogramatik pou angajman jèn ak sektè agrikòl ak alimantè ki reflekte bezwen mendèv alavni endistri a.

Pou soutni pwomosyon salon konte nou yo pi plis, ki sèvi kòm yon fondman pou edikasyon agrikòl pou jèn yo, Gouvènè Hochul ap lanse tou Pwogram Paspò pou Salon Konte a (County Fair Passport Program). Depatman Agrikilti ak Mache a ap kreye, enprime epi distribye yon bwochi sou salon agrikòl konte a k ap ankouraje patisipasyon nan salon jèn nan konte Eta a ak salon jèn yo lè li pèmèt patisipan nan fwa yo kolekte tenb nan chak salon yo vizite. Lè li rekonèt ke baryè transpò yo ka anpeche patisipasyon nan fwa a, Gouvènè Hochul ap lanse tou yon inisyativ pou sipòte salon yo òganize deplasman pou timoun.

Devlope Byo-ekonomi New York la

Gouvènè Hochul ap fikse yon ajènnda devlopman byo-ekonomi k ap eksplwate opòtinite ki egziste yo pou devlope byopwodiksyon nan sektè agrikòl ak forestye yo. New York ap fè itilizasyon pwodui an bwa ak konsepsyon an bwa masif ki gen gran valè yo avanse nan pwojè konstriksyon eta a finansè ak pwojè enfrastrikti yo epi ogmante itilizasyon bwa masif nan nouvo konstriksyon atravè Eta New York ak mizajou Kòd Inifòm k ap vini an. Gouvènè Hochul ap bay 5 milyon dola finansman kapital tou pou fè pwomosyon komèsyalizasyon pwodui abaz byo, tankou sa yo pwodui ak chanv endistriyèl yo, epi investi 2.25 milyon dola pou ranfòse pi plis, aksè ak adopsyon solisyon lit kont parazit ki entegre atravè Pwogram Jesyon Kontwòl Parazit Entegre Cornell University a. Envestisman sa yo ap chèche kreye nouvo opòtinite mache pou pwodui New York yo epi pwoteje kwasans soutni ak jesyon byomas yo itilize pou pwodui ak materyèl nan byo-ekonomi k ap devlope nou an.

Lanse yon transfòmasyon alimantè ble

Pou fòtifye endistri akwakilti New York la, Gouvènè Hochul ap lanse inisyativ Transfòmasyon Alimantè Ble New York la pou ranfòse agrikilti nan dlo, fè pwomosyon yon anviwònman natirèl ki sen, epi bay Nouyòkè yo yon sous nitrisyon fuidmè ki grandi lokalman. Gouvènè Hochul ap bay 5 milyon dola finansman kapital pou kiltivatè yo

envesti nan espas kè maritim, ekipman pwodiksyon ak lòt enfrastrikti vital pou kwasans biznis yo. Li mande Depatman Agrikilti ak Mache, Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation), Empire State Development, ak lòt ajans ki enplike nan pwodiksyon ak maketing fuidmè yo tou pou evalye epi kowòdone politik ak pwogram eta ki afekte lisans pou akwakilti, sekirite alimantè, ak mezi devlopman ekonomik, epi konsidere pakou pou kwasans endistri a. Sa ap genyen ladan l tou kowòdinasyon ak Ekstansyon Cornell Cooperative pou devlope premye chèn kwizin fuidmè New York nan Long Island.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418